

## NAMPALE AK VIH



Fadje miye khékhe diangorodji ak di déme sa keur doctor bo eumbé, dina takhe bo eumbe te ame diangoro VIH meuna nga ames dome djou wér té dou ame domou diangoro VIH. Wanté lolou takhoule gnou koye digueule mou bagna nampale domame, ndakhe meunou gnouko wakh si lou amoul dikhi diakha que bo nampalé sa dome dou ame diangoro VIH.

Fadje miye khékhe diandoro VIH, daye wagni domou diangorodji si sa déréte. Bounnou démé ba domou diangoro djodjou meunou gnou ko guiss, moy takh do meuna walé VIH boy séy, name dieufeudikowo kawasse wala bénéne khétou mouslaye. Lo lou la gnouye wowé comme I=I, wala guissounou dara, mouye téki menou gnou wale kéne.

Khibar bou bakhla té nékh, dina takhe nites gni amés diangoro VIH meuna séy bou bakhe di thi bolé meuna ame ayes domes si yone bou naturel. Di thi yok, boudé kou djiguéne ki mo amé diangoro VIH, fadje mi koye khékhe ak bolé thi di déme keur doctor dire bi mou eumbé, dina wagni bou bakha bakhe risk domam djoude ak diangoro VIH

Wanté ak lolou yeupe, name fadje miye khéye diangoro dji dina wagni bou bakha bakhe domou diangoro VIH dji nék si méwou yayame, dou thi guéneu ba diékhe. Lo lou dina takhe bo nampalé sa dome ak sa wéne meuna nga ko wale diangoro dji.

Lo lou mo takhe, gnou léne di digueule di dieufeudinko méwou peundeukhe si dire bi sa dome wara nampe si réw yi nga khamné amnanou dokhe bounnou meuna nane si séne keur. Di dieufeudinko méwou peundeukhe té bagne ko diokhe sa wéne, dina takhe nga are wérgou yaramou sa dome. Do yaye djou bone ndakhe nampalo sa dome.

Amna sola torope, di ande ak thiéte mou am sola, dina takh sa wérgou yaramou dome bakhe. Si lolou, amna solo torope di rakhasse bou bakhe sayes lokhos ak sabou ak ndokhe bala nga commencer di défar méwou peundeukhe; warga tamite bakhale bou bakhe biberon bou sa dome ak lépeu loye dieufeudinko bokoye defarale méwame, surtout si yone bou djeuk bi. Tangale ndokhe mi bou bakhe bala nga koye dieufeudinko, nate bou bakhe méwe peundeukhe bi sa dome sokhla.

**gt** grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH  
ENTIDAD DECLARADA DE UTILIDAD PÚBLICA  
ONG DE DESARROLLO

**SUBVENCIÓN**

GOBIERNO DE ESPAÑA MINISTERIO DE SANIDAD, POLÍTICA CONSUMO Y BIENESTAR SOCIAL  
SECRETARÍA DE ESTADO DE SANIDAD MINISTERIO DE SANIDAD DIRECCIÓN GENERAL DE SALUD PÚBLICA SECRETARÍA DEL PLAN NACIONAL SOBRE EL SIDA

FOR SOLIDARIEDAT OTROS FINES DE INTERÉS SOCIAL

Generalitat de Catalunya Agència de Salut Pública de Catalunya  
Generalitat de Catalunya Departament de Justícia

Ajuntament de Barcelona ÀREA DE QUALITAT DE VIDA, IGUALTAT I ESPORTS  
Diputació de Barcelona ÀREA DE BENESTAR SOCIAL

**COLABORA**

ETIS EQUIP DE TREBALL SOBRE IMMIGRACIÓ I SALUT  
Vall d'Hebron | eSPiC Equip de salut pública i comunitària

### 01 AMNA MÉW YOU BARRI TÉ OUTÉ:

**Amna méw bou khamné défar nanou ko ba paré:** diaroul gnok dokhe, wanté mo guena chere

**Amna méw bo khamné dafa concentré:** bobou dina diare diakhassé ko ak ndokhe, mo geuna niombe.

**Amna méw peundeukhe:** bobou tamite dina diare diakhassé ko ak ndokhe, mo geuna sakane si yeupe.

Fi si Espagne, méw bi khaléyi séne yaye amé diangoro VIH, danou léne koye maye si dara. Bo thi beugué am ayes khibares si noye défe ba diote chi, meunga woté si Plan National biye khékhe diangoroye SIDA temou nék si Ministère biye khole wérgu yaramé si séne téléphone 91 596 40 34 35 wala nga binde léne si séme email plansida@mscbs.es

### 02 DI BAYI KHÉLE:

• Bo guissé khibar I = I khamalné andoule ak nampale, dou téré tamite nga khamné risk bi pour walé nit diangoro VIH néwna torrope boudé yaye dji meunou gno guisse domou diangoro dji si yaramame ndakhe garrabe yi mouye dieule.

• Risk pour wale sa dome diangoro VIH boudé yagui koye diokhe méw bounnou défare presque zero, lolou mou takhe fi si Espagne gnouye digueule yaye yi gnouléne di diokhe méw bobou.

Amna ayes programmes you barri té do faye dara yo khamné danouye mayé méw bobou pour khaléyi séne yaye amé diangoro VIH.



¿TIENES DUDAS SOBRE EL TEMA? PREGÚNTANOS

Tel. 93 458 26 41  
consultas@gtt-vih.org